



Pwoblèm nan *(Adapte apati de Lis Lèsiv la)*

Anpil nan nou te dekouvri nou gen plizyè karakteristik an komen akòz lefèt ke nou te grandi nan yon fanmi kote te gen alkòl oswa yon lòt disfonksyonman. Nou te vin santi nou izole ubyen mal alèz ak lòt moun, sitou moun ki gen otorite. Pou pwoteje tèt nou, nou te vin moun ki chèche fè moun plezi, menm si nou te pèdi pwòp idantite nou nan pwosesis la. Tout menm, nou t ap pran nenpòt kritik pèsònèl kòm yon menas. Nou te vin alkolik (oswa nou te pratike lòt konpòtman adiktif) tèt nou, oswa nou te marye ak yo, oswa toude. Si sa pa t rive, nou te jwenn lòt pèsònalite ki gen depandan, tankou yon moun ki travay twòp, pou ranpli bezwen malad nou pou abandon.

Nou te viv lavi a nan pwèn de vi viktim. Lè nou gen yon sans responsablite ki twò devlope, nou te prefere okipe nou de lòt moun pase de tèt nou. Nou te santi nou koupab lè nou te defann tèt nou olye nou te bay lòt moun rezon. Konsa, nou te vin reyaktè, olye de aktè, nou te kite lòt moun pran inisyativ la. Nou te gen pèsònalite depanndan, ki te pè anpil abandon, nou te dispoze fè prèske nenpòt bagay pou n kenbe yon relasyon pou n pa viv santiman abandon ki fè mal, ke nou te resevwa nan viv ak moun malad ki pa t janm la emosyonèlman pou nou. Epoutan, nou te kontinye chwazi relasyon ki pa an sekirite paske yo te matche ak relasyon nou te genyen pandan anfans nou ak paran alkolik oswa paran ki gen disfonksyonman.

Sentòm sa yo nan maladi fanmi alkòl la oswa lòt disfonksyonman te fè nou “ko-viktim,” sa vle di moun ki pran karakteristik maladi a san yo pa nesèman janm bwè. Nou te aprann toufe santiman nou lè nou te timoun epi nou te kenbe yo antere lè nou te granmoun. Kòm rezilta kondisyonman sa a, nou te konfonn lanmou ak pitye, nou te gen tandans renmen moun nou te ka sove. Sa ki pi danjere toujou pou tèt nou, nou te vin dejwe eksitasyon nan tout zafè nou, nou te prefere dezòd konstan olye de relasyon ki fonksyone. Sa a se yon deskripsyon, se pa yon akizasyon.